Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 17 (7521)
14 апрель
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Рищватчилъи

## Комиссиялъул данделъи



Администрациялда тIобитIана рищватчилъиялде данде чIараб комиссиялъул данделъи. Гьеб бачана комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовас.

Къойил темаялда тIоцебесеб суал букIана райадминистрациялде рачIарал гIадамазул гIарзазухъ ва гIарзабазухъ хал гьаби, рищватчилъиялъул гьаб ва араб сонална рукIарал хIужабазухъ балагьи.

ТIоцебесеб суалалда хурхун докладгун кIалъана администрациялъул управлениялъул аппараталъул нухмалъулей П. ГIалиева. Гьелъ кIалъалаго бихьизабуна администрациялде рачIарал гIарзазул ва гIарзабазул цониги балагьичIого хутIараб хIужа гьечIин ва гьезие жавабалги кьун ругин.

Районалъул 202I соналъул бюджет тIубазабиялда хадуб хъаравуллъи букIинабиялъул, гьелъул халкъалъе рагьи ва хIакъикъат лъай букIинабиялъулги бицана финансовияб отделалъул нач. Ж. Шамсудиновас.

Гьел суалазда хурхун предложениял кьуна жамгIияб ва хIисабсуалалъул палатабаз.

Ахиралда Дагъистан Республикаялъул ришватчилъи лъугIизабиялъул комитеталъул заседаниялъул протоколалда рекъон бакIалъулаб самоуправлениялъул органазда хурхарал суалазда тIадчIей гьабуна. Республикаялъул рищватчилъиялде данде чIараб комитеталъул тIадкъай цIалана ГI. НурмухIамадовас.

## Аппараталъул данделъи



8 апрелалда бетIер ГIиса НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьорkь районалъул администрациялда тIобитIана ираадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьенир дандрана гIемерал суалал; бищунго кIвар бугеблъун кколаан полиомиелитеталде данде вакцина гьабиялъул, районалде рачIарал туристазе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул, гIолилал армиялде ахIиялъул ва гIемерал цогидалги.

Вакцина гьабиялъул суалалдасан кIалъалаго бетIерас цIикIкIараб тIадчIей гьабуна гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи кутаклъизабизе кколин, гьеб хIинкъи бугеб унти чIезабиялъе гъорлъе лъугьине кколин росабазул бутIрул, культуралъай кьеялъул хIалтIухъаби ва цогидалги иш тIаде кколел гIадамал.

ГI. НурмухIамадовас гьединго суал борхана гIолеб гIелалъе рухIиябгун гIамалхасияталъул тарбия кьезе кколин. «Дица ахIула нуж гIисинго лъималазе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьезе»,-абун.

Суал хъатIана районалде рухIарабгун туристазул гIумруялъе хIинкъи букIунгутIиялдаги. Ихдал Дагъистаналъул киналго районазда рагьула туристазулаб сезон, гьаб соналда букIине бегьула туристазул цIакъго цIикIкIараб къадар, арал саназде дандеккун. «Нилъеца жаваб кьезе ккола районалде рачIарал гIадамазул. Гьединлъидал иш тIаде кколезда тIад къалеб буго гьалбадерие комплексал раялде, хIалхьи гьабулезе лъедасан ва цогидалдасанги хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул»,-ян бихьизабуна муниципалитеталъул бетIерас.

Данделъиялда бицана гьаб хирияб моцIалъ ифтарал гьариялъул. Гьел тIоритIулел руго росабалъги ресалда гьечIел гIадамал кваназариялъе. 22 апрелалда районалъ ифтар тIобитIизе буго шагьаралда. Апрелалъул ахиралда тIолго районалъул ифтар тIобитIизе буго муниципалитеталдаги.

## Лъим чIезабиялъул суалгун

7 апрелалда чанго росулъ лъим чIезабиялъул суалал гьоркьоб лъураб данделъи тIобитIана райадминистрациялда. Гьедин лъеда хурхарал суалазда хурхун захIмалъаби руго Шамильхъала поселокалъул ва Рихьуни росдал. Гьелъул бицунеб данделъиялъе нухмалъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов, «УСЗН ва ЖКХялъул» нач. А. ГIабдулхаликъов, тIадехун рехсарал росабазул жамагIатазул вакилзаби, гьединго управляющий кампаниялъул вакилзабиги. Бихьизабуна тIадегIанал этажазде лъим бахине тIадецуй гIолеб гьечIолъи. Гьединго лъим гIолеб гьечIолъиялъе гIилла ккола бакIбакIаздасан лъел рогIралги къотIун ахал, бахчаби лъалъазе хIалтIизабулеб букIин, гьединго квартирабазул



санузелазде лъим битIун бачун гьечIолъиги буго г1илла.

АхIмад ГIабдулхаликъовас предложение кьуна щибаб квартираялъуб санузлабазул бугеб хIалалъул хал гьабизе хасаб комиссия гIуцIизе.

БетIер ГI. НурмухIамадовас суал лъуна Шамильхъалаялъул гIумру гьабулезе кьезе анкь ахал лъалъаялъе лъим кьезе счетчикал лъезе. Гьеб тIалаб тIубазабиялъул къагIидаби хвезарурaзе законалъулал тIалабалги рихьизаризе.

ДандчIвай

## Зарал бецIиялъул компенсациялда хурхун

11 апрелалда Генуб Заманалъулаб поселокалда букIана 20I4 соналъул 8 марталдаса 26 ноябралде щвезегIан заманалда Унсоколо районалда рукIарал террористическиял актазда рекъон данде гьарулел рагъулал ишаздалъун поселокалъул гIадамазе ккараб заралалда хурхун, гьеб бецIиялъул мурадалда гIарац кьеялда хурхараб жамагIаталъул вакилзабазулгун районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул дандчIвай. Гьединго дандчIваялда гIахьаллъана райадминистрациялъул финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов ва цогидалги.

**(Ахир 2 гьумералда)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 17 (7521)
Хамиз
14 апрель 2022 сон



**Жал гурхIулел гIадамазда Аллагьги гурхIула.
Ракьалда ругезда нуж гурхIа – зобалазда
ругел нужеда гурхIила!**

*(ХIадис)*



# Зарал бецIиялъул компенсациялда хурхун



Гьениб Ж. Шамсудиновас бихьизабухъе Заманалъул поселокалдаса 50 гIан чиясе компенсация щолеб гьечIо. «Гьелъие гIилла ккола; къокъаб заманалда данде гьаризе кколаан цIикIкIараб къадар заявкаби. Гьединго цо-цоязул рукIана мекъал баянал, кибалиго къатIизарун рукIана счетал. Гьелъул хIасилалда гIарац бачIараб бакIалде тIад буссинабун буго. Гьеб букIана федералияб гIарац,-ян бичIчIизабуна Ж. Шамсудиновас.

Гьениб ГI. НурмухIамадовас тIад къана хехаб куцалда гьеб суалалда тIад хIалтIеян ва щиб гьабунги щвечIел гIадамазе компенсациялъулаб выплата щвеяле кинабго гьабе,-ян.

# ЖамгIияб Палатаялъул данделъи



6 апрелалда администрациялда букIана лъабабилеб нухалда ахIараб ЖамгIияб Палатаялъул тIоцебесеб данделъи.

Къойил темаялде росун рукIана гьал хадусел суалал: Палатаялъул председатель вищи, гьесул зам., секретарь вищи, комиссиял гIуцIун состав цIи гьаби, гьезулги председателал рищи ва гьединго ЖамгIияб Палатаялъул цIияб состав бищи.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул Собраниялъул председатель М. Юсупов ва бетIерасул зам. Къ-М. ХIасанов. Гьеб рагьулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна жамгIиял гIадамазул хIалтIуда бараб жо гIемераб бугин, «ГIадатияб гьечIо гьаб замана, гьеб нилъеда бихьулеб буго. Гьединлъидал обществалда нужер роль цIакъго къиматаб буго. Нужеца цIунулел руго обществалъул интересал, нужеца асар гьабула хIукмабазда, пикруялда т1ад»,-ян. –ГьабсагIаталда тIолабго пачалихъалда аслияб рахълъун лъугьана информационнияб рахъ. Щайгурелъул нилъее чияраб къагIида ва нух бихьизабулел фейкал, дунялалдаго гIемерлъун руго. Т1алаб гьабулеб буго нилъее чияраб гIумро гьаби. Гьелде данде бахъун буго нилъер улка. Жакъа нилъеца гьабулебщиналда бараб буго нилъер лъималазул метерисеб гIумру. Нуж руго къуватаб структура, дица гьарула нужеда хIалтIи кутакалъизабе,-ян.

ЖамгIияб Палатаялда гIаммаб хIукмуги гьабун председательлъун вищана М. ГIабдулаев. Киназго бихьизабуна ишалъе гьесул бугеб бажари ва гIаданлъиялъулал качестваби. Гьелъ киназго гьаракьги кьуна М. Бадиевичасе. М. ГIабдулаевасда председательлъун вищи баркана бетIерас ва гьарана хадурккунги бергьенлъаби щвей.

Рамазан моцI

# КIал ккурав чиясул-кьижицин гIибадат

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Ле, иман лъурал чагIи, нужеда тIадаблъун гьабун буго Аллагьас кIал ккезе, нужеда цере рукIарал умматазе гьабун букIарабго гIадин, нуж мунагьаздаса цIунун хутIизелъун» («Бакъарат», I83). КIал ккеялъ, мунагьалъул цебехъанлъун жиб бугеб шагьват бекула.

Абугьурайратица бицана: «Рамазан бачIарабго аварагас асхIабзабазда рохел бицунаан ва абулаан: «Нужеде тIаде бачIун буго баракатаб моцI, жиндилъ кIал ккезе Аллагьас паризаяблъун ва къаси тIаде рахъун сордо чIаго гьабизе суннатабги гьабураб. Рамазан моцI бачIарабго алжаналъул каваби рагьула ва жужахIалъул нуцIби къала, гьеб моцIалъ шайтIабиги рухьуна ва рамазаналъулъ буго азарго моцIалдаса хирияб цо сордоги»,-абун. ТIадегIанав Аллагьас Рамазан моцIалъе гьарун руго гIемерал хаслъаби: гьеб гьабун буго баракатаб, къадру цIикIкIараб моцIлъун, гьелъулъ гьабун буго цо сордо азарго моцIалдаса хирияб, гьелъулъ кIал ккезе паризаяблъун гьабун буго, сардал рорчIизе суннатаблъун бихьизабун буго. Щив чи вугониги цо лъикIлъи гьабун, гьев релъуна цоги заманалда лъабкъоялда анцIго паризаяб гIамал гьабурасда. Рамазан ккола сабру гьабиялъул моцI, сабруялъул жаза,-ян абуни ккола алжан. Рамазан ккола гIадамаз цоцазе боцIудалъун кумек гьабулеб моцI, муъминчиясул ризкъи цIикIкIунеб, кIал ккурав чиясе щола лагъ тархъарав гIадаб кири, кIал ккурав гIорцIизавурасе, ялъуни гьекъезе лъим кьурасе Аллагьас кьола жиб гьекъон хадуб киданиги къечолареб гьекъолеб жо. Гьеб ккола жиндир авал- рахIматлъун, бакьулъ бакI – мунагьал чурилъун, ахир – жужахIалдаса тархъилъун бугеб моцI. Рамазан моцIалъ гьабизе лъикIаб буго ункъго пиша: кIигояб – нилъедаса Аллагь разилъулеб, кIигояб – нилъее чара гьечIого къваригIунеб. Нилъедаса Аллагь разилъулеб кIиго гIамал ккола шагьадат битIиги, истигъфар гьабиги. Нилъее чара гьечIого къваригIунеллъун ккола БетIергьанасда алжан гьариги, жужахIалдаса цIуни гьариги. КIал ккурав чиясул кьижи гIибадат буго, гьесул хьухIел тасбихI буго, гьесул дугIаялъе жаваб гьабула, гIамалги чанцIулго кIодо гьабула. Цо гIалимас абун буго: «Вакъарав чи кьижун вугеб мехалда гьесдаса шайтIан лъутула, гьев ворчIун вугеб мехалда кин тIурилареб? ВорчIун вугев чи гIорцIун вугони, щайтIан хьвадула гьесул бидурихьазулъ, гьев кьижун вугони киндай хьвадилареб?»,-абун.

### ЖУЖАХIАЛДАСА ЦIУНУЛЕБ КЪОЛДЕН

Хирияв аварагасул хIадисалда буго: «Щив чи вугониги рамазаналъ кIал ккун Аллагьасдаги божун, гIицIго Гьесие гIоло, Аллагьас гьесул церехун аралги хадур гьаруралги (гьитIинал) мунагьал чурула»,-ян. Абугьурайратица бицараб хIадисалда буго: «Нужер БетIергьанас абулеб буго: Адамил лъимералъ гьабулеб кинабниги лъикIлъи цIикIкIинабула анцIгоялдаса анкьнусгоялде щвезегIан кIал хутIун. КIал буго Дие ва Дица жаза гьабула гьесие. Гьес тола жиндиего бокьараб жо Дие гIоло»,-ян. КIал буго жужухIалдаса цIунулеб къолден, кIал ккурасул кIалдиса букIунеб махIги Аллагьасда аскIоб цIикIкIун лъикIаб буго мискалдасаги. Нужер цонигияс кIал ккураб мехалъ хъубал рагIаби абуге, шаргIалъул гIорхъабиги рахунге. Цониги чи гьесде вагъани яги хьандани, гьес абе дица кIал ккун буго»,-ян (Тирмизи).

Маликил вас Анасица бицана: «КIал ккурав чи къиямасеб къоялъ хобаздаса къватIире рахъуна ва гьел ратIа рахъизе лъала ккурал кIалал сабаблъун, гьездаса бугеб махIалъе гIоло. Гьезул кIалдиса бачIуна мискалдаса гьуинаб махI, гьезухъе росула тIиритIарал сурпаби, кIалазда мискалъул мугьру чIварал парччал ва абула: «Нужеца кванай, нуж ракъун рукIана цогидал гIорцIун ругеб мехалда, нужеца гьекъе ва гьез гьеб мехалда рахIат босула гIадамал къечон, свакан ругеб мехалда»,-абун. Цо асаралъулъ буго: «Алжан къачIадула щибаб соналъ Рамазан бачIунелъул. Рамазаналъул тIоцебесеб сордоялъ ГIаршалда гъоркьа гьури пула, алжаналъул тIамхал рагъаризарула ва гьелъул гьаракь бахъуна жиндаса лъикIаб гьаракь цоги гьечIеб гIадаб. Сонaлдаса сонaлде хIурулгIинзабиги къачIадула ва алжаналъул рагъабаздеги рахъун гьез ахIула: «Аллагьасда ниж гьарулев чи гьечIищ, Гьес ниж лъудбилъун кьезе?»,-ян. Цинги гьез гьикъула: «Я, Ризван, гьаб щиб сордо?»,-ян. Гьес лабайкаян ахIула ва цинги абула: «Гьаб буго Рамазан моцIалъул тIоцебесеб сордо»,-ян. ТIадегIанав Аллагьасги абула: «Я Ризван, дуца алжаналъул нуцIби рагье МухIаммадил умматалъул кIал ккурал чагIазе. Ле, ЖабрагIил, мун рештIа ракьалде ва рухье къосарал щайтIаби, гьезда гудралги рай, цинги гьел рехе ралъдал гъварилъуде, МухIаммадил умматалъул кIал ккуразул кIал хвезабичIого букIине». Гьединго, Рамазан моцIалъул щибаб сордоялъ Аллагьас абула: «Тавбу гьабулев чи гьечIищ, Дица тавбу къабул гьабизе, мунагьал рахчи тIалаб гьабулев чи гьечIищ, Дица мунагьал чуризе, гьарулев чи вугищ, Дица гьесие гьарараб кьезе, дугIа гьабулев чи гьечIищ, дица гьесул дугIа къабул гьабизе». ТIадегIанав Аллагьас щибаб Рамазаналъул къоялъ тIубараб моцIалъ тархъан гьарурал гIанисел чагIи хвасар гьарула жужахIалдаса. ТIадегIанав Аллагьас МухIамадил умматалъе кьун буго лъиего кьечIеб, азарго моцIалъ гьабуралдасаги жиндилъ гьабураб гIибадат Аллагьасда аскIоб хирияблъун бугеб сордо- Лайлатул къадри. Чанабилеб сордоялъ гьеб букIунебали бахчун тана Халикъас, нилъеца гьелде хьул лъун, гIибадаталъе цоги сардазулъги жигар бахъизелъун.



# Осторожно, полиомиелит!

(Все, что родители должны знать о полиомиелите и последствиях опасного вируса)



**Примерно 70 лет назад мир охватила паника. Пандемия полиомиелита уносила жизни 20% зараженных. Половина выживших оставалась инвалидами на всю оставшуюся жизнь. Как свидетельствуют научные данные, справиться с тяжелой ситуацией тогда помогла массовая вакцинация против полиомиелита. До сих пор к могиле советского профессора Чумакова, разработавшего вакцину от полиомиелита, стекаются сотни благодарных людей из разных стран мира.**

**Но сегодня информационные ресурсы, пестрящие новостями о вреде вакцин, снизили градус доверия к календарю прививок и количество вакцинированных даже против самых опасных заболеваний детей резко снизилось. Врачи бьют тревогу: такая «антипрививочная» тенденция может стать причиной новых вспышек давно забытых заболеваний! Родители уверяют: вакцины наносят вред их детям. Организм ребенка в состоянии справиться с любыми вирусами самостоятельно.**

**В этой статье мы постарались собрать все вопросы, которые волнуют родителей о болезни и вакцинации против полиомиелита. А также выслушали мнение врачей.**

**Что такое полиомиелит?**

Полиомиелит – опасное для жизни человека заболевание, которое вызывается полиовирусом. Вирус поражает нервную систему, вызывает паралич, менингит и другие тяжелые и необратимые для жизни и здоровья человека последствия. Чаще всего заражению подвержены дети в возрасте до 5-7 лет. Реже, но встречаются случаи заболевания и среди взрослых.

До недавнего времени случаев заражения полиомиелитом практически не фиксировалось: всего за период с 1988 года по 2018 год количество заболеваний диким полиовирусом уменьшилось на 99%. Но как заверяет ВОЗ, до тех пор, пока в мире остается хотя бы один инфицированный ребенок, риску заражения полиомиелитом подвергаются дети во всех странах.

Один подтвержденный случай острого вялого паралича зафиксирован недавно и в Унцукульском районе. Другой ребенок с подозрением на заражение полиовирусом находится в Детской инфекционной больнице. Как заверяют врачи, это серьезный повод бить тревогу и донести до родителей важность вакцинации против полиомиелита. На сегодняшний день единственным способом предотвратить заболевание считается вакцинопрофилактика. Лечения от этого тяжелого заболевания в мире нет.

Симптомы, пути передачи и последствия

Как рассказывает инфекционист Унцукульской ЦРБ Абдулаева Асият Абдулаевна, полиомиелит начинается с таких симптомов, как головная боль, вялость, повышение температуры, недомогание; при поражении верхних дыхательных путей – кашель, насморк; при поражении желудочно-кишечного тракта – диарея, рвота.

- Отличить от обычного ОРВИ на начальном этапе очень сложно даже специалисту. Начинается с этих симптомов, а наутро ребенка может парализовать. Вот так злокачественно и агрессивно протекает полиомиелит. И самое страшное – что от него нет никакого лечения! Болезнь можно только предотвратить. И единственный способ это сделать – вакцинопрофилактика.

**- Какими вакцинами прививают детей в нашей районе? Очень много вопросов поступило от родителей по поводу так называемых «живых» вакцин, которые могут заразить других, непривитых детей.**

- На сегодняшний день детей в Унцукульском районе, как и в других районах Дагестана, прививают вакциной «Пентаксим» - это импортная прививка, инактивированная. То есть «убитая», неживая. В такой вакцине нет живых компонентов, которые могут быть опасны контактирующему с вакцинированным ребенком человеку. Есть также моновакцины, в которых нет других компонентов, а есть только вакцина против полиомиелита. Все они абсолютно безопасны для здоровья детей и не вызывают осложнений. Если же вакцинацию проводят каплями, то есть живыми вакцинами, детей необходимо разобщать. Такие дети действительно опасны для невакцинированных детей и могут вызвать заражение полиомиелитом. В группе риска также дети, которые получили не полный курс вакцинопрофилактики от полиомиелита.

**- Действительно ли вакцины безопасны для здоровья детей? Возможны ли какие-то побочные эффекты?**

- Конечно, возможны. У ребенка может быть недомогание, легкая местная температура. Но такое мы наблюдали крайне редко. Индивидуальная реакция возможна, и производитель вакцины об этом предупреждает. Но все же легкие симптомы, вероятность которых ничтожно мала, не сравнятся с теми последствиями, которые влечет за собой полиомиелит. Поверьте мне, я видела ребенка, который заболел полиомиелитом. Это очень страшно. И родителям жить с этим до конца. Если бы вакцины были так опасны, вредны, ни один врач бы не колол их своим детям. Но наши дети вакцинированы. Потому что мы знаем о последствиях заболевания.

**- Есть ли какие-то противопоказания к прививке от полиомиелита?**

- Противопоказаний практически нет. Прививка разрешена даже детям с ДЦП, прогрессирующей энцефалопатией, онкологией и т. д. Я хотела бы донести до всех, что очень важно вырабатывать коллективный иммунитет. В 2014 году была эпидемия кори. И запрет на посещение школ и детских садов без прививок привел к тому, что большая часть родителей все же решились на вакцину. Это, в свою очередь, привело к коллективной иммунизации. Кори снова нет. Люди верят каким-то иммунологам, ученым из Интернета, подлинность званий которых они даже не знают. Но не верят в то, что многие из этих болезней до появления вакцин уносили жизни тысяч детей. Вы только представьте, японцы умоляли советского ученого Михаила Чумакова поделиться вакциной, выстраивались в очереди. Он давно умер, но японцы каждый год приезжают с цветами к его могиле в знак благодарности. А мы боимся вакцинации, как чумы.

**- Как передается полиомиелит?**

- Передается в основном орально-фекальным способом. Но возможна передача и воздушно-капельным путем. Это довольно заразное заболевание. Именно поэтому даже единичные случаи появления заболевших вызывают такую тревогу и врачей.

**Как разобщать детей?**

Постановлением заместителя главного санитарного врача по РД Абдулы Исаева, невакцинированные дети отстранены от посещения детских образовательных учреждений на период проведения подчищающей иммунизации. В связи с этим у многих родителей вопрос: кого нужно оставлять дома? Детей, получивших вакцину? Или невакцинированных, которых они могут заразить? С этими вопросами мы обратились к педиатру Шамилькалинской врачебной амбулатории Азре Абдулаевой.

- По закону изолируют невакцинированного ребенка. То есть если один ребенок в группе в детском саду утром получает прививку и на следующий день идет в сад, дома должны остаться невакцинированные от полиомиелита дети. Такая мера была принята государством для их же блага. Да, сегодня вакцинация добровольная, заведующие детскими садами берут на себя ответственность, принимая невакцинированных детей. Но на период эпидемии они должны оставаться дома. Родители детей, получивших вакцину, должны незамедлительно поставить в известность руководство садика и воспитателей. Мы тоже передаем такую информацию медсестре детского учреждения.

**- Были ли в вашей практике случаи осложнений от прививки против полиомиелита?**

- Вакцина от полиомиелита не опасна для здоровья ребенка. В моей практике не было ни одного случая осложнения. Был случай местной гипертермии в зоне укола. Это индивидуальная реакция организма ребенка. Ножка покраснела и была местная температура. Но это не осложнение, а реакция на прививку. И хочу напомнить, что прививку от полиомиелита надо начинать в 3 месяца и получать каждые полтора месяца три раза. Затем проводится ревакцинация в 6 и 14 лет. Я не настаиваю на вакцинации. Это добровольное дело в нашей стране. Но я бы рекомендовала всем мамам принять правильное решение, от которого, возможно, будет зависеть жизнь ребенка. Я вакцинировала своих детей. И если бы у меня были хоть капля сомнений, я бы не стала прививать своего ребенка. Каждая мать желает только лучшего для своих детей. Желаю, чтобы все были здоровы!

**Асият МАГОМЕДОВА**

# Дагестанцы - должники получили право на сохранение прожиточного минимума на счете при взыскании задолженности



С 1 февраля 2022 года будет реализовано право граждан на ежемесячное сохранение денежных средств в размере установленного на территории России прожиточного минимума трудоспособного населения при осуществлении принудительного исполнения решений судов и актов специально уполномоченных органов.

Чтобы воспользоваться таким правом, должнику необходимо будет в обязательном порядке обратиться лично с заявлением в подразделение судебных приставов, где ведется исполнительное производство.

В заявлении должник должен указать свои данные: фамилию, имя, отчество (при его наличии), гражданство, реквизиты документа, удостоверяющего личность, место жительства или место пребывания, номер контактного телефона, дату и номер исполнительного производства.

В случае, если величина прожиточного минимума в регионе проживания должника превышает установленный прожиточный минимум трудоспособного населения в целом по России, то гражданину необходимо указать конкретную социально-демографическую группу, к которой он относится (трудоспособное население, пенсионеры или дети). Это позволит ему ежемесячно сохранять денежные средства в размере прожиточного минимума, установленного в субъекте Российской Федерации.

Кроме того, в заявлении гражданину необходимо указать реквизиты одного банковского счета, на котором необходимо сохранять денежные средства в размере прожиточного минимума, а также наименование и адрес банка, реквизиты которого указаны в заявлении.

ФССП России обращает внимание, что сохранить размер прожиточного минимума можно только на одном счете в одном банке. На основании содержащейся в заявлении информации судебный пристав вынесет соответствующее постановление и направит его в банк для последующего исполнения. Если на содержании у должника имеются родственник-инвалид или иные лица, находящиеся у него на иждивении, гражданин вправе обратиться в суд с заявлением о сохранении ему денежных средств, превышающих установленный по закону прожиточный минимум.

С начала следующего года заявление на сохранение денежных средств в размере прожиточного минимума можно будет подать через портал Госуслуги.

Напомним, что указанные изменения введены Федеральным законом от 29.06.2021 № 234-ФЗ «О внесении изменений в статью 446 Гражданского процессуального кодекса Российской Федерации и Федеральный закон «Об исполнительном производстве».

**Начальник отделения — старший судебный пристав, майор внутренней службы Дахадаев Ахмед Малачханович**

**ПоэзиялЪул букIон**

## Дир Унсоколо



Мун дир Унсоколо
ЦIар араб район,
ЦIар арал гIадамал
Жанир рахъараб.
Дагъистан чIухIараб
Хьиндалазул ракь,
Бокьула Мун дие,
Дир мугIрул тIалъи.
Дуда жанир гIурал
МугIрул цIумазул,
ЦIар тIибитIун гьечIищ
Гьаб дунялалда,
Лебалав МахIачил
ГIагараб ВатIан,
ГIасрабаз хутIила
Халкъалъе дур цIар.
Мун, дир Унсоколо,
ЧIухIараб район,
ЧIухIизе гьабула
Дуца Дагъистан,
Имамзабазул ракь,
ГIешдерил тIалъи,
Тарихалъулъ тараб
Гучаб АхIулгохI.
Дур ХъахIабросулъа
МахIмуд гIеларищ,
ГIаламго чIухIизе
Дагъистаналъе,
Халкъалда цIар арав
ГIищкъудул къайис,
Къойил дур жугьаби
Рокьи ккаразе.
Кверал меседилал
Дур устарзабаз,
ЦIулада бикIула
Меседил накъищ,
Гьел дур гIадамазе
Ирсалъе щвараб,
ГIасрабаз цIунараб
Бечелъи буго.
Мун дир Унсоколо,
ЦIар араб район,
ЦIваби гIемер руго
Гьеб дур халкъалъулъ ,
ТIегьайги Мун даим,
Дир гIагараб ракь,
ГIаданлъи бергьарал
Дир магIарулал!

## Биччай рекъел букIине!

Биччай гьаб ракьалда
Рокьи тIегьазе,
Рагъул, кьалул гьаракь
Даим кIочене.
Биччанте халкъалъе
Кьор гъолеб агьлу,
Жалго гьеб къоринир
Жанире ккезе.
Дир ракьалъе рагъ-кьал
ХIажатаб гьечIо,
Гьелъул кьогIлъи гьелда
Бихьун букIана.
Дир халкъалъе рекъел
Хирияб буго,
Гьелъ берцин гьабула
ТIолго дуниял.
Щайзе къваригIарал
Гьаб дир халкъалъе,
Къойил ракьулъ лъезе
КъвакIарал васал,
Гуро, хIажат гьечIо
Гьаб дир ракьалъе,
Зонода къвал жемун
Улбул гIодизе.
Биччанте ракьалда
РугебгIан мехалъ,
Ракълилаб талих1аб
Г1умро бук1ине,
Риччай хъахIил зодихъ
АхIдезе хIанчIи,
Рагъ-кьалалъул гьаракь
Босизе тIаса!

## Расул ХIамзатовасде

Гьал Дагъистаналъул
ЦIвабзазда гьоркьоб
МунгIан гвангъараб цIва
Цоги кунчIичIо.
ЦIадаса ХIамзатил
БахIарчияв вас
Мун хутIила даим
Нижер ракIазулъ.
Расул, дуца гурищ
Гьаб дир халкъалда
ГIагараб ракьалда
Рокьи малъараб,
Дур кучIдузулъ гурищ
Дида тIоцебе
МагIарул мацIалъул
МагIна бичIч1араб.
Дида кIола, Расул,
Гьедун абизе
Гьаб Дагъистан дуе
Налъулаб бугин,
ГьитIинаб халкъалъул
ГьитIинаб улка
Дуца дунялалда
РагIизабунин.
Гьаб дир гIасруялъул
ГIумрудул нухда
ГIемерал рукIана
МугIалимзаби,
Гьезул киназулго
Цебесеб кьерда
Мун гурищ вукIарав
Дие мисаллъун.
Цеваса аниги
Мун нижгун вуго,
КIочене гьечIо Мун
Гьаб дур халкъалда,
Дур шигIрудул тIахьал
Дур насихIатал
Гьел гурищ хутIилел
Даималъ нижгун.

## МугIрузул гIадамал

МугIрузул гIадамал
Дир магIарулал,
Дица нужер рахьалъ
ГIемераб хъвала.
Бицун лъугIуларел
Хъван бахъунарел
ЛъикIалги квешалги
ТIабигIатазул.
ГIаздалал мугIрузул
ЦIоройги нужелъ,
Хинаб жаниблъидул
Хинлъиги нужелъ,
Гьуинал иццазул
Гьуинлъи нужелъ,
ГIурччинал ахазул
Берцинлъи нужелъ.
Нуж мугIрузда гIурал
МугIрузул цIумал,
ЦIудулаб къвакIигун
Чармил ракIалгун
Лебалав Шамилил
Ирсалъе щварал,
Лебаллъи нужелъа
Кибе тIагIинеб.
Махсаро-хочI нужелъ
КечI-бакъан нужелъ,
Къварилъи ккаралъур
Квер чIвазеги нуж,
Нагагь къваригIани
КъватIир рахьине
Тушман нахъе чIвазе
КъвакIиги нужелъ.
Нуж, Дагъистаналъул
КIудияб бутIа,
ГIагараб ракьалъул
Хаслъи босарал.
Дун йохарай йиго
Гьеб бутIаялъулъ
Цо гьитIинабго бакI
Дица кколелъул.

**ПатIимат ХIамзатова, Рихьуни росу.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 23. 2022 г. 16.30 фактически -18. 30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 988 экз.